**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**СПОРТ ПӘНЛЕРИ КАФЕДРАСЫ**

**Дене тәрбиясы ҳәм мәденияты қәнигелигиниң 4 курс студенти Жанназаров Қуўантай Хожахметовичтиң**

# «АЎЫЛЛЫҚ МЕКТЕПЕРДЕ САЯХАТ ҚЫЛЫЎДЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ҲӘМ ӨТКЕРИЎ УСЫЛЛАРЫ»

**атамасындағы**

**ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ**

**Илимий басшы:** **П.У.Серимбетов**

**Кафедра баслығы:** **Б.Ж.Мамбетов**

**НӨКИС- 2013**

## МАЗМУНЫ

**КИРИСИЎ……………………………………………………………….3**

**I.БАП ТУРИЗМ ҲАҚҚЫНДА УЛЫЎМА ТҮСИНИК.**

1.1.Туризмниң тарийхый раўажланыўы ҳәм Өзбекистандағы туризм…….7

1.2.Халықаралық туризм……………………………………………….10

1.3.Туризм түлериниң классификациясы…………………………...14

1.4.Саяхатқа массалық қызықтырыў ислери…………………………….16

**II.БАП АЎЫЛЛЫҚ МЕКТЕПЕРДЕ САЯХАТ ҚЫЛЫЎДЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ҲӘМ ӨТКЕРИЎ УСЫЛЛАРЫ**

2.1.Аўыллық мектеплерде туристлик жумыслар, мөлшерлери ҳәм оны өткериў усыллары………………………………………………………21

2.2.Мектеплерде туристлик дөгереклер ҳәм секциялар шөлкемлестириў..23

2.3.Туризм жумысларының дәстүри ҳәм ис режелери…………………...23

2.4.Пияда жүриў саяхатларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў……………...29

**III. САЯХАТТА ТУРИСТЛИК ТУРМЫСТЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

3.1.Саяхатларды шөлкемлестириўде, өткериўде ҳәм жуўмақлаўда оқытыўшының роли……………………………………………………..34

3.2.Саяхатта туристлик турмысты шөлкемлестириў………………………36

3.3.Саяхатшылардың медициналық көриги ҳәм жарақатланғанда биринши медициналық жәрдем көрсетиў илажлары………………………38

3.4.Саяхатшылардың топографиялық таярлығы……………………………39

**ЖУЎМАҚЛАЎ…………………………………………………………..45**

**ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР……………………………………….49**

# КИРИСИЎ

Мәмлекетимизде саламат әўладты тәрбиялап жетилистириў ҳәм XXI әсирде жасаўшы адамлардың саламатлығын тәминлеўде үш тийкарғы тадбирлер әмелге асырылмақда яғный «Үмит нәўшелери», «Наўқыран әўлад» ҳәм «Талаба» унверсиадасы. Әййемнен белгили саяхат тек жоқары дәрежеде дем алыў емес бәлки бос ўақыттан үнемли пайдаланыў, команда саламатлығын беккемлеў инсанды ҳәр тәреплеме гормоник раўажланыўын тәминлеўден ибарат.

Әсиресе өзи туўылып өскен үлкесин саяхат қылыў, оның сулыў тәбиятында сейил етиў ҳәр қандай адамға заўқ бағышлаўы анық. Ғәрезсизлик жылларында елимизде таза имаратлар бой тиклеген, мине усы имаратларды айланыў, тарийхый орынларды өз көзлери менен көрип танысыў бул әлбетте жасларымызда ўатан сүйиўшилик сезимлерин арттырады.

Миллий қәдириятларды-тиклеў, руўхый, ағартыўшылық мәдениятымыз тарийхын терең үйрениў-миллий мақтанышымыз ҳәмде ҳәзирги дәўир идеологиясын жасларға оқыўшыларға үйретиўде саяхатлардың өзине жараса орны бар.

Бул жолда Өзбекстан Туризм компаниясы ҳәм түрли халықара жамғарма бирлеспесиниң белсендилери тийкарғы орын тутпақта.

Саяхатлардың дене ҳәм руўхый жақтан өзине тән болған тәрбиялы усыллары бар. Олардың педагогикалық жақтан үйрениў ҳәзирги күнниң тийкарғы принциплеринен бири. «Алпамыс» ҳәм «Гүлпаршын» арнаўлы тестлериниң саяхатлар-әмелде ислениў усылларын үйрениў мақсетинде төмендеги шараятта ислеўге муўапық болды.

Бизиң Республикамыздың көпшилик жерлерин таўлар–сулыў жерлер ийелеген. Мектеп оқыўшылары менен пияда жүриў туризм менен шуғылланыў тийкарғы әҳмийетке ийе.

Туризм өзиниң әпиўайылығы ҳәм қызықлығы менен халқ массасын өзине тартады яғный туризм менен шуғылланыўшылар ушын инсанлар өзиниң жасын, жынысын ҳәм денесиниң таярлығын есапқа алған ҳалда ол яки бул спорт түри менен шуғылланыўы мүмкин.

Дене тәрбия тийкарынан үш ўазыйпаны атқарады (саламатластырыў, билим бериў, тарбиялаў) туризм болса төртинши (спорт ўазыйпасын) атқарады, яғный туризм ҳәмме спорт түрлери ушын шуғулланыў ўлыўма – дене таярлығын тәмийнлеп қалмастан бәлки, туризм түрлери ҳәмме спортшы разрядларды да таярлайды.

**Дүнья** халқларының социал-мәдений турмысында сейил жүдә үлкен тарбиялы әхмийетке ийе табияттың сулыў жерлерин сейил қылыў, сулыў жерлерде жақсы дем алыў, тарийхый ҳәм руўхый орынлар сырларын үйрениў оқыўшыларға заўқ бағышлаў итибарынан қалмай саламатлығын жақсылаў, дене камалатын раўажландырыў руўхый әлемди байытыў, дунья қарасын кеңейттириўге де хызмет қылады.

Сейиллердеги ҳәр түрли сулыўлықлар, таза ҳаўа ҳәм әмелий ҳәрекетлер дем алыў, жүрек қан тамырын ҳәм аўқатты сиңдириў ағзаларының жумыс ислеўин жақсылайды. Усы мақсетте биз қәнигелик питкериў жумысымызды аўыллық мектеп оқыўшылары организмине туристлик сейил тәсирин анықлаўын ўазыйпа қылып қойдық.

Буның ушын әлбетте оқыўшы жаслардың сабақтан тысқары бос ўақытлары массалық сейилллерди шөлкемлестириў ҳәм шынығыўларды өткериў арқалы олардың денесиниң ҳәм руўхый камалатларын сынаў тәжрибе тәрзинде үйрениў ҳәзирги күнниң тийкарғы ҳәм актуал машқалаларынан есапланады.

Соның ушын Республика мектеплеринде массалық туристлик сейил шөлкемлестириў ҳәм әмелге асырыў жолларын ислеп шығыў талап қылынады.

Көпшилик сейил ўақтында оқыўшылардың дем алыў жүрек қан тамыр урыўында тәсирин үйрениў ҳәмде усы тийкарда түрли таярлыққа ийе болған оқыўшыларға көп күнлик сейил жөнелисин өзгерттириў.

Оқыўшылар организминиң көп күнлик сейил ўақтындағы функционал халатын үйрениў.

Оқыўшылар менен көп күнлик сейил шөлкемлестириў ҳәм өткериў ушын әмелий усыныс етиў.

Ғәрезсизлигимиздиң бул қысқа дәўири ишинде республикамыздағы тарийхый орынлар, мәдений естеликлер жергиликли халықтың дүнья жүзиндеги көп ғана қәнигелердиң ҳәм саяхатшылардың қызығыўшылығын асырды.

Самарқанд, Бухара, Хийўа, Шаҳрисабз қалаларындағы тарийхый - археологик естеликлер, Ташкент, Термиз ҳәм Ферғана водийсында зыярат орынлары шет еллерден келген саяхатшылар итибарына түсип, Әййемги «Жипек жолы» ында жайласқан тарийхый қалаларымыз бенен қызығып атырғанлар саны жылдан-жылға көбеймекте. , Қарақалпрақстандағы Топрақ қала, жамбас қала, қой қырылған қала, Шылпық тегислиги ҳ.т.б. тарийхый орынларымыз кимди болсада қызықтырмай қоймайды.

Өз нәўбетинде Республикамыз пухараларына шығыс ҳәм батыс мәмлекетлерине туристлик саяхатларға барыўлары ушын кең жол ашылғанлығының бүгинги күнде гүўасы болмақдамыз.

Өзбекстан Республикасы Ўәзирлер мекемеси усыны нәзерде тутып, «Өзбек туризм миллий компаниясын дүзиў ҳаққында»ғы арнаўлы қарар қабыл етти. Усы қарар тийкарында Самарқандта саяхат институты ашылды.

Барлық ўәлаятларда ҳәм қалаларда саяхат жумысларын шөлкемлестириў менен байланыслы болған арнаўлы бөлимлер, жәмийетлик орайлар, саяхат клублары жумыс ислемекте.

# I.БАП ТУРИЗМ ҲАҚҚЫНДА УЛЫЎМА ТҮСИНИК.

Туризм саяхат ўақтында «тур» (белги) орнатыў деген мәнисти аңлатады.

Таў ҳәм узақ аралықларға саяхат қылыў, ақырғы мәнзилге белги қойып келиў ямаса бийикликке шыққанлықты билдириў ушын бир белги (жазыў, бюст, ескерткиш ҳ.т.б.) қойыўды аңланатады. Саяхат бул дем алыў үлкени үйренип инсан организмин ҳәр тәреплеме шынықтырады.

Инсанийат пайда болғаннан берли тарийхый раўажланыўында саяхат қаншелли әҳмийетке ийе екенлиги ҳәммемизге мәлим. Сондай екен, саяхаттың қәсийетлери ҳәмде раўажланыў басқышы менен туристлер, ҳәўескерлер, ата-аналар, әсиресе болажақ қәниге оқыўшы жасларды таныстырыў, пәнниң тийкарғы мақсетлеринен есапланады.

Бир қатар алымлар П.С.Пасеченный., В.Т.Фадеев (1980), Б.П.Моргунов (1978), И.П.Милановлар (1969), туризмниң инсан өмиринде, әсиресе шаңарақ турмыс шараяты ҳәм мәденияты физикалық жақтан камалға жетисиўинде тийкарғы қураллардан екенлигин ҳәр тәреплеме үйренип бул ҳаққында өзлериниң пикирлерин билдирген.

Эрамыздан алдыңғы VI әсирлерде мәмлекетлер, ҳалықлар ортасында саўда ҳәм мәдений байланысларды әмелге асырыўында саяхатшылар арқалы әмелге асырылғанлығы буның айқын дәлили болып табылады.

Әййемги ата-бабаларымыздың дәрья, көл бойларында сейил қылыў, таў бийикликлерине шығыў ҳәм аң аўлаўшылық пенен шуғылланыўлары тарийхый жазбаларда, сондай ақ ҳалқ аўыз еки мийнетлеринде кең ҳәр тәреплеме жаратылған. Булар «Алпамыс», «Қырық қыз», «Едиге» сыяқлы жүдә көп дәстанларда айтылғанлығы бизге мәлим.

Туризм Орта Азияда ҳәм ертеректен белгили болған. Бул орында Захириддин Муҳаммед Бобур өзиниң «Бобурнома» шығармаларында өз әскерлери менен атта мәңги муз үлкеси Хиндиқуш таўларынан Ҳиндистанға асып өткенлиги ҳәм аң аўлап, шаршағанлығын шығарғанлығы тарийхый екенлигин дәлиллейди.

Қәдимги ата-бабаларымыз аң аўлаў жолы менен үлкен саяхатлар қылғанлар, таў ҳәм дәрья жолларын үйренген, жасларды қорықпас батыр, шыдамлы ҳәм шаққан қылып тәрбиялаўда мине усындай қураллардан орынлы пайдаланған. Бул арқалы саяхат етиў туризм раўажланып, ҳәзирги туризмниң жүзеге келиўинде негизги тийкары есапланған.

## 1.1.Туризмниң тарийхый раўажланыўы ҳәм Өзбекистандағы туризм

Тәбият сырларын үйрениў ҳәм оннан пайдаланыў әйиемги заманларға барып тақалады. Әлбетте, теңиз, океан, бийик таўлар, тоғайлар, шөллерге түрли мақсетлерде саяхатқа шыққан.

XVII-XVIII әсирлерде Россияда тәбиятты үйрениў мақсетинде сапарға шығыў өткерген.

Бул жүрислерди олар экскурсия деп атаған. Оқыўшылар менен экскурсия шөлкемлестириўшилердиң бири Тюмень областынан И.Д.Якушин болып, ол ботаника пәнинен тийисли материаллар топлаўға өзиниң үлкен үлесин қосты.

1876 жылы Новороссийск Университети студентлери профессор И.А.Головинский басшылығында Крым таўларын пияда гезип түрли қымбатлы мағлыўматлар топлаған. Ялтада «Тәбият, таў спорты ҳәм Крым таўларын үйрениў кружоги» шөлкемлестирилди ҳәм туристлик клубқа айландырылды.

1900 жылда Санкт-Петербургта Рус таў жәмийети шөлкемлестирилди. Бул жәмийет түрли маршрут схемаларын ислеп шықты ҳәм Кавказ, Узақ Кавказ, Алма-Ата ҳәм басқада жерлерде өз бөлимлерин шөлкемлестирди.

1919 жылда Москвада оқыўшылар экскурсияның Орайлық бюросын шөлкемлестирип, ол 10-жылларға келип Орайлық балалар экскурсия туристлик станциясына айландырылды.

1932 жылы апрельде биринши Пүткилсоюзлық съезди болып өтти.

Урыс жыллары (1941-1945 ж.ж.) туризмниң әҳмийети жоқары болды.

Туристлер урыс жылларында тоғайларда, таўларда разведка жумысларында көплеген мәртликлер көрсеткенлигин айрықша атап өтиў керек.

Сондай-ақ ғәрезсизлигимизди абайлап асыраў, оны жәнеде беккемлеўде жасларды әскерий, ўатан сүйиўшилик руўхында тәрбиялаўда дене тәрбия ҳәм спорттың, сондай-ақ таў туризминиң әҳмийети үлкен болып табылады.

Таў туризм жас өспирим характерин тәрбиялайды, оның ҳәр қандай қыйыншылықларды шыдам берип жеңиўге, таў шараятында ҳәр қыйлы арнаўлы шынығыўларды орынлаўға үйретеди. Буның мысалы, XX әсирдиң 2000 жылында елимиз тынышлығын, бахытлы келешегин бузыўға урынған жаўыз күшлерден қорғаўда Республикамыздың бәлент ағатаўлы шегаралары Баткент, Сурхандәрья областының Сарыосие ҳәм Узун районлары территорияларына басқыншылық пенен кирген халықара терроршы басқыншылар топарын жоқ қылыўға қарсы болған саўашта Ўатанымыздың мәрт улларының қаҳарманлықлары буған жарқын мысал бола алады.

Ўатанымыздың садық қорғаўшыларын тәрбиялаўда туризмниң орны ҳәм әҳмийети дене тәрбия пәни бойынша улыўма орта тәлим стандарты, оқыў дәстүринде ҳәмде «Алпамыс» ҳәм «Баршынай» тест сынақларында туристлик саяхатлардың баҳалаўларының киритилиўи жаслардың әскерий ўатан сүйиўшилик руўхында тәрбиялаўға хызмет етеди.

1949 жылда спорт комитетиниң қарары менен туримз Пүткилсоюзлық спорт классификациясына еркин спорт түри сыпатында киргизилди. Усыннан кейин туризм бойынша спорт мастерлерин ҳәм спорт мастерлигине талабанлар пайда бола баслады.

1947 жылда Парижде рәсмий түрде Халық аралық туристлик шөлкемлер орайы шөлкемлестирилди.

Ҳәмме еллер ҳәм миллет халықлары қатары өзбек халқының ҳәм мәдений раўажланыўында туризм айрықша орын тутқанлығы ҳаққында жоқарыда сөз еткен едик.

Өзбекстан Орайлық мәмлекетлик архиви материалларының гүўалық бериўинше 1870 жылда Ташкенттеги оқыў орынлары оқыўшылары үлкени үйрениў мақсетинде Бучмулла таўына саяхатқа шыққан.

1890 жыл июлда оқытыўшы А.Шельтин тәрепинен Тянь-Шань таўларына көп күнлик поход шөлкемлестирилип, онда тәрбиятты үйрениў, схема ҳәм карталар дүзиў ислери әмелге асырылды. Кейинирек Чимён ҳәм оның жоқары бөлимлери үйренилип, арнаўлы карталар дүзилип, маршрутлар белгиленген.

1901 жыл март айында Ташкенттен гимназия оқытыўшысы Н.Малин кишкене ҳәм үлкен Чимёнға шығып, ол жердиң тәбиятын, ҳайўанат дүньясын, дем алыў орынларын үренип өзиниң көп topламлық есабат дәптерин жазып қалдырды.

1928 жылға келип Орта Азия республикалары бойынша 6 маршрут туристлик саяхатлар өткерилди.

1935-1940 жылларда (20 км, 35 км, 40 км, 60 км, 120 км) бойынша пияда, велосипед, ата жүриў туристлик саяхатлары шөлкемлестирилди.

1921 жылда Ташкент, Ферғана қалаларында дене тәрбия қәнигелерин таярлаў бойынша 3 айлық курслар ашыў, 1933 жылда Самарқандта 1 жыллық курс ашылыўы Республикамызда туризмниң раўажланыўына кең имканият ашты.

1934 жылда Республикамызда биринши дене тәрбия оқыў орны ашылды.

1944 жылы Ташкентте Өзбекстан Дене тәрбия институтының, 1954 жылы Ферғана, 1956 жылы Нөкисте ҳ.т.б. қалаларда дене тәрбиясы факультетлериниң ашылыўы республикамызда туризмниң раўажланыўына жаңа басқыш дәўири болып есапланады.

## 1.2.Халықаралық туризм

Халықаралық туризм халықлар ортасындағы қарым-қатнасты күшейтиўши қураллардың ең бир әҳмийетлиси болып есапланады. Халқаралық туризм халықлар ортасындағы дослықты, бир-бирин түсинисиўин ҳәм мәдениятын билиўди үйрететуғын пән.

Жоқары дәрежеде раўажланған транспорт қуралларының артыўы нәтийжесинде саяхатшылардың түрли мәмлекетлерге барыўы күшейди.

1950-жылы бурынғы аўқамда 22 млн саяхатшылар келген болса, 1960 жылы 105 ке тағыда артты. Бул көрсеткишлер жылдан жылға артып баратырғаны халықлар ортасындағы қарым-қатнастың күшейип баратырғанынан дерек береди.

Халықаралық туризм халық хожалығының күтә көп тараўларына өз тәсирин тийгизгенин көрсетеди. Мәселен: байланыс системасын жолға қойыўға транспорт хызметине комунал хызмет көрсетиў шөлкемлерине, азық-аўқат санаатына. Халықаралық туризмде саяхатлар халықлардың ислеп шығарған товарларын, өнерлерин дүнья жүзи базарына алып шығыўда үлкен роль атқарады.

Саяхатшылар тәрепинен түсетуғын ақшалар яғный қоныў, аўқатланыў ҳәм басқада хызмет түрлери сыяқлы дәраматлар ҳәрекетсиз қалмайды. Бул түскен қаржылар сол халықтың экономикасына өз тәсирин көрсетип, экономикасының артыўына алып келеди. Алынған мағлыўматларға қарағанда 1965 жылы дүнья жүзлик туризмде сыртқы ҳәм ишки саяхатлардың түсирген қаржысы 44 млн ды қурады, соннан 13-14 млн доллары жолаўшы транспортларына сарыпланған 5,6% басқа мүтәжликлерге пайдаланылған. Қалған сумма болса сол мәмлекеттиң капиталына айланған. Соның ушын кейинги ўақытлары туризмниң барлық тараўларын раўажландырыўбарысында жүдә көп жумыслар әмелге асырылмақта.

*Халқаралық туризмди раўажландырыў төмендеги саяхатларшыларды қатнастырыўға тартыў керек:*

1. Жоқары мағлыўматқа ийе болған хызметкерлер,
2. Жоқары дәрежедеги хызмет көрсетиў басқармалары
3. Мәмлекеттиң тәбийғый байлықларынан үнемли пайдаланыў.
4. Халық  мәдений санаатынан үнемли пайдаланыў

Буның дыққатқа сазаўарлығы сонда, адамларды мәдений тәрбиялаўда халықаралық туризмниң әҳмийети үлкен. Саяхатшылар сол ҳалықтың тарийхы тәбияты ҳәм мәдениятын билиў ҳәм үйрениўге ҳәрекет етеди. Демек бул болса ҳалықлар ортасындағы өз-ара қарым-қатнасты беккемлейди.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен кейин туризмди раўажландырыў барысында төмендеги ўазыйпаларды иске асырады:

1. Өзбектуризм милий компаниясының дүзилиўи  1992 ж
2. Ҳәр-бир қала ҳәм районларда туристлик шөлкемлердиң дүзилиўи.
3. Шет елден келетуғын саяхатшыларға дүнья нормативлерине тең келетуғын хызмет көрсетилиўи
4. Саяхатлардан түскен қәрежетлерди туризмниң раўажланыў жолына пайдаланныў усаған жумыслар.

Соны айрықша айтыўымыз керек, яғный бизиң жеримизде саяхатшылардың итибарын тартатуғын тарийхый мәдений өтмишимиз уллы тулғаларымыз ҳәм олар тәрепинен қурылған тарийхый мәдений ески ескерткишлеримиз, тәбийғый жер асты ҳәм жер үсти байлықлары бар. Соның ушын мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин саяхатшылардың бизиң үлкемизге қызығыўшылығы күшейип жылдан жылға олардың өсиў дәрежеси асып бармақта.

Туристлик фирма, туристлик агентлик капитализм дәўири менен бир усылдағы формаға келе баслады. Туристлик фирма саяхатшыларды орналастырады (жатақхана, аўқатланыў) ҳәм товарын ҳәрекетке келтиреди.

Бунда фирма барлық ҳәрекетлерди өз мойнына алып ис ҳәрекетиниң өсиўине алып келеди.

Eң биринши болып Англия пухарасы Томас Кук туристлик агентлик илимин баслайды. 1841 жылы арзан баҳада 600 темир жол билетин сатып алып, оны саяхатшыларға агентлик үстемесин алып пуллайды. Соннан кейин Томас Кук бир топар Англия саяхатшыларын өзиниң материгине алып барыўшы болып хызмет етеди.

1867-жылы Томас Куктың фирмасы арқалы 20 мың Англиялықлар Франциядағы «Париж көргизбеси»не саяхатшы болып барады. 1878 жылдан 75 мың саяхатшы оның фирмасы арқалы басқа да еллерге шығыўға мияссар болады.

Россияда биринши туристлик фирмаларда Леопольдо Лижона шөлкеми болып, Петербург қаласында 1885 жылы пайда болған. Оның ашылыў ўақтында фирма тәрепинен төмендеги гәплер тарқалған. «Бул шөлкем онша көп болмаған қәрежет пенен сизиң жақсы дем алыўыңыз ушын кепиллик береди».

Сол ўақытлары темир жол байланыс почта хызметлери болмағанлықтан, шөлкем тәрепинен жол көрсетиўши, дилмаш, аспазлар, хызметкерлер, палаткалар ҳәм керекли затлар алынатуғын еди. Шөлкем баратуғын жердиң барлық тарийхы менен таныстырыўды өз мойнына алады. Санааттың раўажланыўы ҳәм адамлардың саламат турмыс тәризи жақсыланып барған сайын саяхатшылар менен кемеде журиў шөлкемлери көбейе баслады.

XX әсирдиң орталарында Арқа Америка континетинде 6,5 мыңға жақын туристлик фирмалар, соннан 10 мыңы киши туристлик фирмалар пайда болған. Англияда 2 мыңлаған этирапта, ФРГ да 1 мыңға жақын, Италияда да мыңға жақын, Францияда 700 ге жақын туристлик фирмалар хызмет көрсеткен.

Соны тиккелей итибарға алыўымыз керек, көп мәмлекетлерде туристлик шөлкемлер мәмлекет тәрепинен иске асырылады. Мәселен: Польшада

«Орбис», Чехословакияда «чедок», «Венгрия» «Ибус», Болгарияда «Болка турист», Югасловияда «Космос спутник» сыяқлы шөлкемлер басқарады.

Туристлик шөлкемлердиң бирлесиўи:

Кейинги ўақытлары бақлаў нәтийжелерине қарағанда, туристлик фирмалардың көбейгенлиги бирқанша қыйыншылықлар жүзеге келди. Соның ушын туризм алдында улыўмаластырылған ўазыйпасы пайда бола баслайды.

Англия мәмлекетиндеги фирмаларды қысқартып айтқанда «АБТАҒ (Ассоциация Британских Туристических Агентов) Британиялық туристлик агентлик бирлеспеси, Францияда «ЮСАВҒ, Италияда туризм бойынша Италия бирлеспеси, Япония бирсеспеси.

Айрым мәмлекетлердиң туристлик бирлесиўи зона жағдайында жүзеге асып атыр. XIX-әсирдиң ақырларында Европа интелегентлериниң есап китабына қарағанда, саяхатлардан түсетуғын қаржылар сол мәмлекеттиң экономикасының өсиўине үлкен тәсирин тийгизгенин есаплап, халықаралық туризм яғный саяхатшыларды өз елине апарыўдың илажларын көре баслады.

1929-1933 жыллардағы эканомикалық кризиске дуўшар болған мәмлекетлер туризм арқалы бул кризистен шығыў жолларын қарастыра баслады. Соның нәтийжесинде өз мәмлекетинен саяхатшылардың сыртқа шығыўын бираз қысқартып, өзге мәмлекетлерден саяхатшыларды әкелиў жолларын излей баслады.

Дүнья жүзлик урыстан зыян көрген мәмлекетлер өзиниң экономикасын көтериў ушын шара-илажлар излей баслады. Мине сол дәўирде буржуазия илимпазлары көбинесе шет ел саяхатшыларын әкелиў ушын өзлериндеги тарийхый қойнындағы барлық саяхатшыларды қамтыйтуғын мәдений-имарат байлықларды дүнья муғдарына сәйкес тиклей баслады.

## 1.3.Туризм түлериниң классификациясы

Туризм негизинен пияда жүриў, шанғыда жүриў, таў туризми, сондай ақ суўда (қайық, желқом, моторлы қайықлар) мотоциклде, велосипедте, поездда, самолетта саяхат қылыў түрлеринен ибарат.

Өз жөнелиси, характери ҳәм мазмунына қарай туризм сейил етиў (экскурсия, саяхат етиў) ҳәм поход (пияда) жүриў формаларына ажыралады. Бул түрлер өзлериниң мазмуны, қағыйда ҳәм нормалары, ўазыйпалары менен бир биринен үлкен парқ қылады.

Сейил етиў - кең ҳәммеге қолай болған пияда жүриў, шаңғыда, велосипедте, қайық ҳәм т.б. қураллар жәрдеминде ден саўлықты жақсылаў, организмди шынықтырыў мақсетинде шөлкемлестирилген қысқа мүддетли ҳәммеге қолайлы туризм формасы болып табылады.

Экскурсия - коллектив пенен биргеликте бир объективке (музей, стадион, тоғайлықлар ҳ.т.б.) илмий қыдырыў ямаса үйрениў мақсетинде, улыўма мәдений раўажланыў ушын өткерилетуғын илажлар, бундай илажлар жергиликли халық жасап турған жерлерге ямаса басқа қалаларға барыў ушын шөлкемлестириледи.

Туризмниң бул формасы әсиресе, үлкен жастағы бақша балалары, мектеп оқыўшылары, орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларының талабалары арасында кең тарқалған мәдений, тәлим тәрбиялық әҳмийетке жөнелтирилген илажлар болып есапланады.

Походлар - шөлкемлестириў түринде топар-топар болып, пияда, шаңғыда, велосипед, қайық ҳәм т.б. қураллар жәрдеминде физикалық шынығыў, үлкени үйрениў, пайдалы мийнет қылыў мақсетинде шөлкемлестириледи.

Таярлық походлары организмди үлкен ҳәм узақ мүддетли походларға ҳақыйқый туристлик походларға таярлаў, оларға қатнасыў таярланыў ушын өткериледи. Бул басқыштың тийкарғы мазмунында туристлик қағыйдалар, жүриў турмыс шараяты, жүриў техникасы, арнаўлы туристлик қәсийетлер, жолды алдыннан үйрениў, разведка қылыў, дем алыў ҳәм

тоқтаўды шөлкемлестириў, гулхан жағыў ҳәм усы сыяқлы салаларды үйрениўди өз ишине алады. Усының менен бирге физикалық сыпатлары: шыдамлылық, күш, тезлик ҳәм басқа физикалық сыпатларды аўыр-қыйын жүрислерде қатнасыў ушын таярлайды.

Ҳақыйқый туристлик жүрислер туризмниң көп күнлик (бир неше күннен, еки айға) даўам етип, маршрут ҳәм ҳәрекет усылларының ҳәр қыйлылығы менен басқалардан түптен парқ қылады.

Бундай жүрислер дене тәрбия ҳәм спорт комитетлери ямаса арнаўлы туристлик орайлардан дизимнен өткериледи ҳәм аўыр қыйын туристлик походларды шөлкемлестириў ушын жоқарыда көрсетилген шөлкемлерден рухсат алынады. Бундай жүрислерди тәжирийбели ҳәм арнаўлы таярлықларға ийе болған туристлер басқарады ҳәм алып барады.

**Спорт походлары** - бул негизинен спортқа тийисли болып, бундай жағдайларда қурамалы жүрислердиң қыйыншылық дәрежелери, аралықтың узынлығы, тәбийғый тосқынлықлардың қыйыншылық нормалары, жергиликли халық жасайтуғын пунктлерге жетип барыў тәртиплери, походлар саны ҳәм басқа да шәртлер көрсетилген болады.

Үгит-нәсият жүрислери үлкен сиясий ямаса спорт анжуманларына бағышланған болып, оның тийкарғы мақсети жәмийетшилик ҳәм ҳәммени туризмге бағдарлаўдан ибарат.

Бунда концертлер, спорт түрлери бойынша жолдаслық ушырасыўлар, туристлик техника ҳәм басқа қуралларды билиў мақсетинде жарыслар шөлкемлестириў, үгит-нәсият жумысларын өткериўге тәмийнлеўге қаратылған.

**Экспедиция** - туристлик саяхат болып, ол бир объектти (географик, геологик, үлкетаныўшылық, тарийхый ҳ. т.б.) үйрениў мақсетинде шөлкемлестириледи.

Бундай саяхат жағдайында пияда жүриў ҳәм ҳәр қыйлы техника қуралларынан пайдаланып белгиленген аралықларды басып өтиледи. Бундай экспедициялар арнаўлы исленген маршрутлар арқалы өткериледи.

Бул ўақытлары туристлер арнаўлы қураллар, азық-аўқатлар ҳәм керекли әсбап-үскенелер менен тәмийнленеди.

Ҳәўескерлик саяхатлары физкультура жәмийетлеринде, спорт клубларда, мәдeният клублары, кәрханаларда, туристлик басқаларда, жазғы дем алыў лагерьлеринде, орта ҳәм жоқары оқыў орынлары ҳәм де мектеплерде саяхатшы басқарыўшылар ҳәм арнаўлы таярлық көрген адамлар тәрепинен өткериледи.

Ҳәўескер саяхатшылар жеке мәниде өз маршрутларын дүзеди, саяхат ўақтында өз өзине хызмет етеди. Керекли туристлик үскенелер, азық-аўқат ҳәм басқа қуралларды өзлери сатып ямаса ижараға алыўлары мүмкин. Бундай саяхатлар бир неше саатқа ямаса бир күнлик ҳәм бир неше күнге белгиленген болады.

Ҳәўескерлик саяхатлар қала әтирапындағы (Шылпық, Кердер, Назлымхан сулыў, ҳәмтде Ташкент, Самарқанд, Бухара, Хийўа ҳ.т.б) бир қатар қалаларға, таўлы зоналарға, дем алыў үйлерине жыл даўамында шаршағанлықты шығарып саяхат шөлкемлестириў кең жолға қойылған.

Бундай саяхатлар пияда жүриў ҳәм ҳәр қыйлы қураллардан пайдаланған ҳалда өткериледи.

## 1.4.Саяхатқа массалық қызықтырыў ислери

Массалық қызықтырыў ислери оқыўшыларды өзлериниң жанажан үлкелерине бир күнге ҳәм узақ ўақытқа саяхатқа қызықтырыўға қаратылған. Жасларды Ўатанды сүйиўшилик руўхында тәрбиялаў.

Массалық жумыслар жаслардың ҳәм оқыўшыларды өзлериниң жанажан аўылларына бир күнге саяхатқа қызықтырыўға қаратылған.

Дене тәрбиясы саяхат шынығыўы жаслар бирдемлиги шөлкеми менен өткизилетуғын тәдбирлерде ҳәм саяхат

экспедициаларында ҳәм басқада сапарларда актив қатнасыўы ҳәр тәреплеме пайдалы әмелге асырылмақта. Жасларымызды «Мениң Ўатаным Өзбекстан» жумысларында саяхат походлар өткизиў, нәтийжели пайда бермекте. Бул саяхат штабының туристлик бағдарларын қайтадан көрип шығыў ҳәм саяхат тәдбирлерин күшейттириўдиң бирден-бир усылы.

Топардың саяхат пайтында дене тәрбияға қатьнасыў усыллары ҳәр-қыйлы.

Дем алыс күни саяхат көп күнлик жүриўлер жулдызша ушын ҳәм жулдыз ушын жүриў ҳәмде спорт бойынша улыўмаластырылған саяхат жүриў улыўма I-дәрежедеги қыйыншылықларға ийе болған өз үлкемиз бойынша жүриўлер өткизип барыў лазым.

Бир қаладан баслап екинши бир қалаға таўсылатуғын маршрутларды сызықлы маршрут деп аталады яки режели маршрут.

Егер маршрут бир жайдан басланып жәнe сол жерде таўсылса бундай маршрутты айланба маршрут делинеди.

Көпшилик режели маршрутлар айланба тәризде болады яғный туристлер дем алыў барысында бәрҳа бир базада туристлер турар жайында, яки туристик мийманда турист саяхат ҳәм сейиллерге маршрут бойлап шығып келеди.

Режели туризм менен бир қатарда кеўилли туризм де раўажлана баслады. Яғный бул маршрутты қатнасыўшылардың өзлери аңсат маршурутларды ислеп шығады. Бул сейил маршурутлары екшемби, байрам күнлери өткизилетуғын еди, базыда спорт сейилине де шығады.

Туризмде жоқарыдағылардан тысқары актив жүриў менен шөлкемлестиретуғын маршуритлар да бар еди.

Бундай маршурутлар өзлериниң төмендеги түрлерине бөлинеди; пияда жүриў, шанада жүриў, суў туризми, велосипед ҳәм ат туризми.

Ақырғы жылларда туризм ҳалқара массалық-экономикалық ҳәдийсе сыпатында кең раўажланыўға киристи десек қәтелеспеймиз. Туризмниң тез раўажланыўына халқара сиясий, экономикалық, илимий ҳам мәдений байланыслардың тәсир көрсетпекте. Туризм менен шуғылланыўда дүнья жүзи ҳалқлары ҳәм мәмлекетлери арасында өзара байланыстың жақсыланыўы, дослық ҳәм бирдарлықтың беккемлениўи буған мысал бола алады.

Массалық туризмниң раўажланыўы миллионлап адамлардың өзи жасап турған Ўатаны тарийхын, ата-бабаларының тарийхын үйрениўге ҳәм басқа мәмлекетлердиң тарийхын, мәдениятын, дәстүрлерин ҳәм дыққатқа ийе орынларын, тарийхый естеликлерин үйрениўде билимин кеңейттиреди.

Туризм экономикалық жақтан алғанда ҳалқ хожалығында тийкарғы роль ойнайды, яғный туристлердиң материаллық байлығын, хызметин ҳәм товар алмасыўында айрықша орын ийелейди.

Туризм ҳәр бир миллеттиң, мәмлекеттиң ең бай тармағы болып, миллий экономикасын көтеретуғын қурал сыпатында пайдаланады.

Туризм - саяхат бир-бири менен байланысқан түсиник болып адамның турмыс тәризин түсиндиретуғын-анықлайтуғын түсиник. Булл тусиник кең мәнини аңлатады, яғный булл дем алыў, пассив яки актив ойын күлги тамаша, спорт, әтирап-аймақты үйрениў, саўда-сатық, илим ҳәм емлеў демек. Бирақ әмелиятта характерли хызмет те ушырап турады, яғный сейил пайтында адамлардың ўақтынша өз орнын өзгертириўи яки басқа мәмлекетлерге барыўы, жасаў шәраятын өзгерттириў мүмкин болып қалады.

Сейил-атамасы адамлардың бослықта ҳәм ўақтықа, мақсетке қарамастан орнын өзгертириў деген мәнини билдиреди.

Инсаният өзиниң пайда болыўынан баслап ол дүньяны үйрениўге, жаңалық ашыўға, саўда-сатық ислеўге, яғный-жаңа жерлерди ашыўға

қазылма байлықларды излеўге ҳәм жаңадан-жаңа пуллы (транспорт) жолларын ашыўға умтылған.

Көп жыллық тарийхый сейиллер, географик жаналықлар, жаңа саноат орынларын ашыў, дүнья хожалық байланысларын үйретиў арқалы көп жыллық әдебий мағлыўматлар топланған, есабат ҳәм күнделиклер жыйылған. Булардың ҳәммеси адамлардың түрли тараўда илимде, мәдениятта техникада баспада басылыўда билим дереги болып есапланады.

Ҳәзирги күнде көпшилик адамлардың талабы дүньяның жаңа орынларын мәмлекетлерин көриўге, үйрениўге умтылмақта.

Мине усы жоқарыда айтылған дәлиллердиң ҳәммеси сейил ҳәм саяҳатты пайда болыўына себепши болады.

Хожалық байланысларының активлесиў процеси халқлардың ҳәрекетшеңлигин кеңейттиреди, бул активлик жаңа-жаңа жол қурылыўы менен, мийманханаларды жақсылаў, асхана (ресторан) ларды, дем алыў орынларын, саламатластырыў, тарийхый ҳәм мәдений дыққатқа ылайық естеликлерди үйрениўге тартады.

Пухаралар жол (транспорт) көлигин бәрха-үзликсиз ҳәрекетин, аўқатланыў тармағын ҳәм орналаўы жақсыланыўы адамлардың сейилге шығыўдан қорқыўын, қыйыншылықларды алып таслады.

Бирақ бурын туризм-саяхат тек жоқары тайпадағы адамлар, ушын тийисли болған.

Сондай қылып туризм адамлардың ҳәрекет қылыўындағы тийкарғы формасына айланды.

Туризм саяхат ҳәм жаңалықлар ашыў тийкарында теңиз жүзиўшилери, изертлеўшилер, тарийхшылар, исбилерменлер тәрепинен жаратылған, топланған илимий ҳәм әмелий излениўлери тийкарында пайда болған.

Туризм өзиниң раўажланыў тарийхына ийе болып бул саяхат - илим деген сөз, яғный сейиллер, саяхатларды үйрениўши, киши жастағы ҳәм үлкен жастағылар - әпиўайы, ең аңсат пән.

Туристлик талап ҳәм нормативлерди тапсырыў ушын белгили талап тәлим мектеплеринде оқыўшылар менен шынығыўлар алып барылады. Ҳәр жылы оқыў жылының ақырында спорт комитети есабат береди. Ҳәр бир туристлик тәдбирлердиң ажыралмас бөлеги бул пайдалы команда хызмети еди.

Айтып өтиў орынлы, саламат әўлад тәрбиясы менен үзликсиз байланыслы тәдбирлер, әсиресе «Билимлендириў ҳаққында»ғы

«Дене тәрбия ҳәм спорт ҳаққында»ғы нызамлар ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Өзбекстанда дене тәрбия ҳәм спортты жәнеде раўажландырыў шаралары ҳаққында»ғы қарарлар тийкарында ҳалқтың саламатлығын жақсылаў, әсиресе оқыўшы талабаларды руўхый ҳәм дене камалатын өсириў оларды кәсип-өнерге жоллаўға қаратылған.

Бул Республикада өткизилетуғын массалық саламатластырыўшы дене тәрбия ҳәм халқ миллий ойынлары бойынша өткизилетуғын жарыслар мазмун жағынан әхмийетке ийе.

Массалық саламатластырыўшы дене тәрбия ҳәм спорт қурамында саяхатлар белгили орынды тутады. Саяхат- дем алыў, елди үйрениў, социал пайдалы мийнет етиў саламатлықты жақсылаў, шынығыў дереги. Бул процеслер Абу Али ибн Сино, Алишер Навоий, Бобур Мирзо киби уллы алымлар тәрепинен тән алынған, қалаберсе, саяхатлардың социал педагогик түсиниклери илимий-әмелий жақтан толық дәлилленген.

# II.БАП АЎЫЛЛЫҚ МЕКТЕПЕРДЕ САЯХАТ ҚЫЛЫЎДЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ҲӘМ ӨТКЕРИЎ УСЫЛЛАРЫ

## 2.1.Аўыллық мектеплерде туристлик жумыслар, мөлшерлери ҳәм оны өткериў усыллары

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен соңғы қысқа жыллар ишинде руўхый-ағартыўшылық тәрбияның тийкарғы қуралларынан бири болған туризмниң ҳәмме түрлерин және де раўажландырыў ҳаққында Өзбекстан Республикасы Ўәзирлер кабинетиниң 1999 жыл 27 майда қабыл етилген: Өзбекстанда дене тәрбиясы ҳәм спортты және де раўажландырыў ҳаққында»ғы тарийхый қарары саяхат түрлерин және де раўажландырыўда әҳмийетли роль атқармақта.

Мектеп жасындағы оқыўшылардың физикалық жасындағы туристлик саяхат нормалары ҳәм мазмуны, үлкен жастағы адамлар туризминен ҳәр тәреплеме айырылып турады.

Оқыўшылар поход ҳәм экскурсияларда жанажан Ўатанымызды, өзлери жасап турған жерлердиң тәбиятын үйренип, олар менен танысып ғана қоймастан, бәлким олардың тарийхын үйрениў, саяхат ўақтында топлаған материалларды мектеп музейлери, пән кабинетлерин байытыўға имканият береди. Саяхат ўақтында топланған ҳәр қыйлы материаллар оқыўшылардың тарийх, география, биология, әдебият, физика ҳәм басқа пәнлер бойынша оқыў материалларын пухта өзлестириўлерине үлкен жәрдем береди.

Ҳәзир Республикамыздағы ҳәмме улыўма билим бериўши мектеплери, лицей-интернатлары, академик-лицей, колледжлары орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларында саяхат түрлериниң ҳәмме түрлерине тартыў бойынша айрықша итибар берилмекте.

Оқыўшылардың туристлик саяхатларының ҳәмме түрлеринде үлкетаныў жумысларын үйрениў ислерин алып барыў көзде тутылады. Бул ислердиң мазмуны ҳәм көлеми саяхат өткерилетуғын ўәлаятлар, районлар ямаса

жергиликли жерлердиң шараятына, алдыннан қойылған ўазыйпаларына байланыслы болады.

Сол себепли үлкетаныў ислериниң тийкарғы объекти ислеп шығарыў кәрханалары, ислеп шығарыў қураллары, ҳәзирги заман ислеп шығарыў техникалары, таў, тоғайлар, түрли естеликлер ҳәм басқалар есапланады.

Оқыўшыларда үлкетаныў ислер дәўиринде таў қырларының географиялық тәбийғый дүзилислерин жазыў, сызыў, тәбияттың, ҳайўанат ҳәм өсимлик дүньясын сәўлелендириўши көп жеке ислер алып барыўларын талап қылады.

Саяхатлар жөнелисти дурыс таңлаў оқыўшыларда келешекте саяхат етиўге қызығыўшылықларын және де арттырады. Сол себепли саяхатқа таярланыўда сол жерди жақсы үйрениў, яғный белгили әдебиятлар, илимий мақалалар, усы жердеги музей, тарийхый естеликлерди үйрениў үлкен әҳмийетке ийе.

Ислеп шығарыўдың барлық тармақларындағы мийнет алдыңғыларының жумыс усыллары, мийнеттеги жеңислериниң сырларын анықлаў, оқыўшыларда мийнет етиўге қызығыўшылығын ҳәм өз нәўбетинде адамларға болған ҳүрметин асырыўға алып келеди.

Оқыўшыларға саяхат дәўиринде урыс қатнасыўшылары, мийнет ветеранлары ҳәм басқа тайпайдағы адамлар менен ушырасыўлар шөлкемлестириў үлкен әҳмийетке ийе.

Дөретиўшилик пайдалы ислер, яғный нәллер отырғызыў, гүллер егиў, мийўе териў ҳәм басқа журмысларда белсендилик пенен қатнасыў туристлердиң әдиўли ўазыйпаларынан есапланады. Оқыўшыларда саяхат даўамында тийкарынан дем алыс ўақтында республикамыздың тарийхый естеликлери менен танысыў ушын пияда, автобусларда, поездларда ҳәр қыйлы саяхатлар шөлкемлестириледи.

Оқыўшылар менен түрли саяхатлар шөлкемлестириў, үлкени үйрениў оларда пайдалы мийнет жумысларына қәлбин оятады.

## 2.2.Мектеплерде туристлик дөгереклер ҳәм секциялар шөлкемлестириў

Көп ғана мектелерде барлық спорт түрлери сыяқлы туризм бойынша дөгереклер, секциялар шөлкемлестириледи.

Үлкени үйрениў, түрли коллекциялар топлаў бойынша арнаўлы кабинетлер шөлкемлестирилип, бул кабинетлер қасында дөгереклер шөлкемлестириледи.

Мектеплерде туризм бойынша дөгереклер шөлкемлестириў ушын, оқыўшылар менен туризм бойынша сәўбетлер өткериў, олар менен киши саяхатлар шөлкемлестириў, дийўалый газеталарда үгит-нәсият жумысларын жүргизиў, дөгерек қатнасыўшыларының санының көбейиўине алып келеди.

Саяхат өткериў ушын мектеп пән оқытыўшылары менен биргеликте алып барылады.

Мектеплерде, балалар бақшаларында дүзилген туризм секцияларының дәстүри ҳәм ис режелери ҳәр бир коллектив имканиятына қарап дүзиледи.

## 2.3.Туризм жумысларының дәстүри ҳәм ис режелери

Туризм секциясында реже тийкарында өткерилетуғын шынығыўлар, ҳәр қыйлы шынығыўлар ҳәм туристлик саяхатлар ҳәўескер оқыўшы туристлердиң жумысларына туўры тәсир етеди.

Республика кәсиплик шөлкемлерине қараслы дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетлери, туристлик кәрханалар ҳәм бюролар тастыйықлаған туризм бойынша разряд нормаларын орынлаў ушын мектеплердеги туризм секциялары өзлериниң анық жобаларын ҳәм жөнелислерин жыл басында анықлап алыўлары керек.

Айтып өткенимиздей, мектеплерде, балалар бақшаларында дүзилген туризм секцияларының дәстүри ҳәм ис режелери ҳәр бир коллектив имканиятына қарап дүзиледи. мектеп оқыўшыларына Өзбекистан

шараятында туристлик саяхатларды шөлкемлестириўдиң дәстүри ҳәм режелерин төмендегише дүзиў мүмкин.

**Туристлик кәрханалар ҳәм туристлерди таярлаўдың оқыў режеси (үлги есабында)**

| № | Темалар атамасы | Саатлар саны | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | жәми | Лекция | әмелий сабақлар | |
| | | | | Аудит саатлар | әмелий саатлар |
| 1 | Туризмниң мақсет ҳәм ўазыйпалары | 2 | 2 | | |
| 2 | Дене тәрбиясы жәмәәтлеринде туризм секцияларын шөлкемлестириў ҳәм оның мазмуны | 8 | 2 | 2 | 4 |
| 3 | Үлкемиздиң туристлик имканиятлары | 4 | 4 | | |
| 4 | Туристлердиң пайдалы мийнет жумыслары тәбиятты қорғаў | 1 | 1 | | |
| 5 | Дем алыс күнлери туристлик походларды шөлкемлестириў | 18 | 2 | 2 | 14 |
| 6 | Туристлер топографиясы | 8 | 2 | 2 | 4 |
| 7 | Туристлер гигиенасы. Саяхат ўақтында өзин-өзи бақлаў ҳәм биринши медициналық жәрдем көрсетиў | 6 | 2 | 2 | 2 |
| 8 | Туристлердиң физикалық таярлығы | 1 | | | 1 |
| | **Жәми** | **48** | **15** | **8** | **25** |

1. Физкультура топарларында туризм секцияларын шөлкемлестириў ҳәм оның мазмунлары төмендегилерди өз ишине алады`

- туризмниң раўажланыўында туристлик секциялардың роли,
- секцияның ўазыйпалары, оны дүзиў ҳәм мазмуны,
- шөлкемлестириў бюро, оның функциялары,
- секцияны шөлкемлестириўде жәмийетлик шөлкемлердиң роли,

- секциялар ҳәм олардың функциялары.

2. Секция жумысларының мазмуны төмендегише:

- дем алыс күнлери ҳәр қыйлы туристлик походларды саяхат ҳәм экскурсияларды өткериў,

- көп күнлик саяхатлар, слетлар, туристлик жарыслар шөлкемлестириў,

- үгит-нәсият жумысларын жүргизиў, активлерди таярлаў,

2.1 Секцияның ис режеси (жыллық, квартал-шерек, айлық) болып, олардың формалары ҳәм мазмуны төмендегише

- саяхатлардың қаржы менен тәмийнлениўи ҳәм оның тийкарлары,

- пулларды жумсаў дизими (режеси) олардан өнимли пайдаланыў,

- туристлик саламатландырыўшы лагерлерин шөлкемлестириў ҳәм олардың басқалар менен байланысы,

- слетларды шөлкемлестириўҳәм секция жумысларының режесин дүзиў,

3. Үлкемиздиң туристлик имканиятларына тәбийғый географик ҳәм де экономикалық характеристикасына төмендегилер киреди:

- ҳаўа-райы, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясы, пайдалы қазылмалар ислеп шығарыў кәрханалары, аўыл хожалық ҳәм транспорт байланыслары ҳәм оларды раўажландырыў,

3.1 Экскурсия объектлери:

- тарийхый, архитектура басқа естелик орынлары, музейлер ҳәм алдыңғы кәрханалар,

- дем алыс күнлери даўамында өткерилетуғын маршрутлар ҳаққында усынıслар,

- туризм бойынша тийкарғы ҳәм қосымша әдебиятларды үйрениў,

4. Туристлердиң пайдалы мийнет жумысларын ҳәм тәбиятты қорғаўына төмендегилер киреди:

- үлкетаныў жумысларында ўазыйпаларынды орынлаў, халық ортасында қайыр-сақаўатлық жумысларды орынлаў,

- саяхат түрлериниң саламат өмир формасын үгит-нәсиятлаў,

Дене тәрбия ҳәм спорт, тәбиятты қорғаў нызамлары менен танысыў ҳәм олардың мақсет ҳәм ўазыпасының орынланыўын тәмийнлеў барысында адамлар ортасында ис алып барыў.

5. Дем алыс күнлеринде туристлик саяхатларды шөлкемлестириў ҳәм өткериў төмендеги тәртипте болады:

- саяхат алдынан консультациялар шөлкемлестириў ҳәм топарлар дүзиў, олардың анық мақсетлерин анықлаў,

- маршрутты ислеп шығыў, оның жөнелиси, схемасын сызыў, графигин дүзиў, қаржы қәрежетлерин анықлаў,

- топар ҳәм жеке қураллар, азық-аўқатлар саяхат қатнасыўшыларын белгилеў, жол ҳүжжетлерин толтырыў,

- саяхат ҳәм дем алыў ўақтында қәўипсизлик қәделерин тәмийнлеў ҳәм басшының ўазыйпалары.

6. Туристлер топографиясында төмендегилерди әмелге асырады:

- туристлер ушын топографияның әҳмийети,

- жергиликли жерлердиң сызылмалы схемасы ҳәм шәртли белгилери,

- компас ҳәм оннан пайдаланыў, болжаў усыллары.

7 Туристлердиң гигиенасы, өзин-өзи бақлаў ҳәм биринши медициналық жәрдем көрсетиўдиң мазмуны:

- туристлердиң жеке гигиенасы ҳәм медициналық көриктен өтиў әҳмийети,

- саяхат ўақтында өзин-өзи бақлаў (ҳәр қыйлы шараятта),

- қуяш нурынан сақланыў, биринши медициналық жәрдем көрсетиў (жасалма жол менен дем алыў ҳәм жылан шаққанда жәрдем көрсетиўди билиў).

8. Туристлердиң физикалық таяланғанлығы ҳәм олардың организмди шынықтырыўы тийкарынан төмендегилерден ибарат:

- физикалық таярланғанлықтың әҳмийети ҳәм оны жетилистириў жоллары,

- организмди шынықтырыў жоллары,

- оқыўшылардың епшиллиги, шыдамлылығы ҳәм күшлилигине яғный улыўма физикалық таярлығын билиў,

- жеңил атлетика, жүзиў, гимнастика, спорт ойынлары элементлери арқалы олардағы физикалық сыпатларын раўажландырыў,

8.1 походларға таярлаў төмендегише иске асырылады:

- топарды дүзиў, олардың жасы, физикалық таярлығын анықлаў,

- саяхаттың мақсет ҳәм ўазыйпаларын анықлаў, сәўбетлер өткериў,

- карта, компас ҳәм туризм элементлери бойынша әмелий шуғылланыўлар өткериў.

Жоқарыдағы ҳәмме илажларды дурыс шөлкемлестириў, саяхатларда қатнасыўшы оқыўшыларда, саяхатлардың қызығарлы өтиўине үлкен тәсир етеди.

## Физкультура жәмийетлеринде туризм секция жумысларының ис режелери

Туристлик секцияларда өткерилетуғын шуғылланыўларды ҳәм оның шөлкемлестириў формасын төмендегише дүзиў мүмкин:

Физкультура топарларындағы туризм секцияларының ис режеси

**(үлги есабында)**

| № | Орынланатуғын жумыслар мазмуны | Орынланыў жумыс мүддети | Орынлаўшы шахслар |
|---|---|---|---|
| **I. Шөлкемлестириўши жумыслар** | | | |
| 1 | Туризм бойынша секция дүзиў. | 10.09.ға шекем | Дене.тәрбмясы оқытыўшысы |
| 2 | Туристлик үскенелер менен тәмийнлеў | 15.09.ға шекем | Дене.тәрбиясы оқытыўшысы |
| 3 | Туристлердиң улыўма жыйналысын өткериў, секция | 17.09.ға шекем | Секция бюросы |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | бюросы ҳәм активлерин сайлаў | | |
| 4 | Туристлер кабинети (музей) шөлкемлестириў | Жыл даўамында | Секция бюросы |
| 5 | Туристлик саяхатлар режеси ҳәм маршрутларын дүзиў | 20.09.ға шекем | Секция бюросы |
| 6 | Секция жумысларына тийисли нормативлик ҳүжжетлерди дүзиў | Систамаланған түрде | Секция бюросы |
| **II. Улыўма саламатландырыўшы жумыслар** | | | |
| 1 | Дем алыў, байрам күнлери, каникул ўақтында бир күнлик ҳәр қыйлы саяхатларды шөлкемлестириў | Реже тийкарында | Секция бюросы |
| 2 | Республика, область, район ҳәм қала туристлик жарыслары ҳәм слетларына қатнасыў | Календарь жоба бойынша | Секция бюросы |
| 3 | Туризм бойынша жасларды III-II-I разряд нормаларына таярлаў | Календарь жоба бойынша | Секция бюросы |
| 4 | Туризмди адамлар арасында үгит-нәсият етиў | Календарь жоба бойынша | Секция бюросы |
| 5 | Туризм бойынша инструкторлар таярлаў | Календарь жоба бойынша | Секция бюросы |
| 6 | Туризм бойынша ҳәр қыйлы жарыслар ҳәм режелер шөлкемлестириў | Календарь жоба бойынша | Секция бюросы |

## 2.4.Пияда жүриў саяхатларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў

Туристлик саяхатларға таярланыў алдын ала топарды дүзиўден басланады. Саяхатқа қатнасыўшы оқыўшылардың жасы, улыўма физикалық таярлығы ҳәм олардың жағдайларының бир қыйлы болыўы, саяхатлардың кеўилли ҳәм қызығарлы өтиўин тәмийнлейди. Топар дүзилип, улыўма қағыйдаларға негизинен туризмниң мақсет ҳәм ўазыйпалары ҳәм де карта, компас, туризмниң техник элементлери ҳаққында әмелий шуғылланыўлар өткериледи. Бул ҳәмме жумыслар мектеп дене тәрбия оқытыўшысы басшылығында өткериледи.

Саяхаттан алдын керекли үскенелер, азық-аўқатлар, саяхат режесин таярлаў ҳәм мектеп администрациясының дизимин алыў, оқыўшыларды медициналық көриктен өткериў жумысларын, саяхат өткериў күнине шекем әмелге асырыў керек.

Туристлик саяхатлардың ис режеси **(үлги есабында)**

1. Саяхатшылардың тийкарғы ўазыйпаларын анықлаў.
2. Қатнасыўшылар топарын анықлаў ҳәм дүзиў.
3. Қайсы жерлерде болыўын белгилеў (картасын таярлаў).
4. Саяхат өткерилетуғын жерлер ҳаққында мағлыўмат топлаў.
5. Маршрутты ислеп шығыў.
6. Саяхат ушын қанша ўақыт кетиўин есаплаў.
7. Календарь ис реже дүзиў.
8. Саяхат ушын сарпланатуғын қәрежетлер системасын дүзиў.
9. Аўқатланыў тәртибин ҳәм шараятын белгилеў.

Категорияға ийе болған саяхатларға, жолларға таярланыўда ҳәр бир қатнасыўшыға өз алдына ўазыйпалар жүкленеди.

1. Топар командири (ҳәр 10-15 адамға).
2. Тәрбиялық ислер бойынша басшы.
3. Азық-аўқатлық затлар бойынша хожалық басшысы.
4. Туристлик үскенелер ушын жуўаплы шахс.

5. Хаткер.
6. Үскенелерди ремонтлаў бойынша мастер.
7. Медициналық жәрдем көрсетиўши инструктор.
8. Физкультура шөлкемлестириўшиси.
9. Комендант (дем алыў ҳәм түнеп қалыў ўақытлары белгиленеди).
10. Фотограф.
11. Журналист.
12. Топар басшысы.

Саяхатларды шөлкемлестириўдиң түрли форма ҳәм методлары белгили.

Егерде көп күнлик саяхатлар шөлкемлестирилсе, төмендегилерди есапқа алыўы керек болады.

- оқыў жылында оқытыўшылар басшылығында маршрутты келисип, улыўма жыйналысты тастыйықлаў.
- жыл даўамында керекли үскенелерди таярлаў, сәўбетлер өткериў, медициналық жәрдем ҳәм техника қәўипсизлиги қағыйдалары менен таныстырыў.

Ата-аналар келисимин алыў ҳәм басшы хызметкерлериниң ўазыйпаларын белгилеў керек болады. Саяхат өткериў ушын саяхатшылардың жеке үскенелериниң сөзлиги, жетерли болыўы үлкен әҳмийетке ийе.

Саяхатлар ушын жеке туристлик қураллар

1. Рюгзак.
2. Туристлик көрпе (одеяло).
3. Кружка, қасық, кесе, пышақ.
4. Аяқ кийимлери (ботинка, кеда, носки).
5. Сүлги, сабын, тис щеткасы, паста.
6. Спорт костюм.
7. Қуяшқа қарсы көз әйнек.
8. Ишки кийимлер.
9. Штормовка (жаўынға қарсы костюм).

10. Күнделик дәптершеси, ручка, қәлем.

11. Фотоаппарат.

12. Фляга.

13. Саат, компас

14. Медициналық пакет.

15. Бритва, ийне, сабақ.

**Топар (8-10 адам) ушын қолланатуғын туристлик қураллар**

| | Әнжамлар | Саны |
|---|---|---|
| | Палатка (шатыр) | 2-3 дана |
| | Қәўипсизликтиң алдын алатуғын арқан (30-40 м) | 1-2 дана |
| | Аўқат таярлаў ыдыслары (қазан, шөмиш, чайник ҳ.т.б.) | 1-2 дана |
| | Қалта (шөккис, шеге) | 2-3 дана |
| | Карта ямаса схемалар | 1-2 дана |
| | Компаслар | 2-3 дана |
| | Поход аптечкалары | 1-2 дана |
| | Тигиў ушын сабақ, ийне, қайшы ҳ.т.б. | 3-4 дана |
| | Фонар ҳәм шамлар | 3-4 дана |
| | Күнделик дәптер (ручка, қәлем) | 2-3 дана |
| | Бинокл (Дурбин) | 2-3 дана |
| | Транзистор ямаса магнитофон | 1-2 дана |
| | Фотоаппарат (видеокамера) | 2-3 дана |
| | Керогаз | 1 дана |

Туристлик саяхатларды өткериў ҳәм оларды есапқа алыў ушын туристлик шөлкемлер тәрепинен арнаўлы маршурт қағазы топарларға рәсмийлестириледи.

**Маршрут қағазы**

(Дем алыў күнлери ҳәм категориялар ғанап болған походлар ушын) группа ________________________________________________

______________________________________ адам _______ маршрут бойынша (тийкарғы пунктлар) _____________________________ Дала шәраятында түнеў жолы менен {_____} ____________ ден {____} __________ 20_ __ ж.

Топар басшысы _____________________________________________

(Ф.И.О.)

Маршрут қағазын бериўши шөлкем __________________________

(жуўаплы адам имзасы)

Мөр орны «_____» _________________ 200 _____ жыл.

| Маршрут жоллары | км | Жүриў усыллар | Экскурсия объектлери ҳәм керекли пайдалы жумыслар |
|---|---|---|---|
| | | | |

Туристлер ушын еслетпе: Дем алыў ўақытларында ағашларды ҳәм тәбияттағы ҳәр қыйлы өсимликлерди сындырмаң. Гулхан жағыў ушын тек қурғак шақаларды пайдаланың ҳәм гулханды абайлап жағың ҳәм кетерде суў сеўип өшириң. Ҳәр қыйлы шығындыларды тасламаң, тәбиятты қорықлаң ҳәм сақлаң.

**Саяхатшылардың жолда жүриў қағыйдалары**

Саяхат ўақтында ҳәр қыйлы саяхат түрлеринде жолда жүриў ҳәм оның қағыйдаларын сақлаў үлкен әҳмийетке ийе.

Ҳәр қыйлы мәўсимде саяхатшылардың жолда жүриў усылларын ҳәм тезлигин поход басшысы белгилейди. Бийик болмаған таў ҳәм қырларына жүриў орташа тезлиги, саатына 4-5 км да қурайды, 20-25

минуттан кейин 5-10 минут дем алынады, жол шәрияты аўырласқанда, шаршағанлық сезилген ўақытлары, ҳәр 10-15 минутта дем алысты шөлкемлестирген лазым.

Әпиўайы жол ҳәм соқпақларда бир қатар болыпжүриў аралықлары 2-3 метрден кем ямаса артық болмаўы шәрт.

Жоллар қумлық ямаса қурғақ жер болғанда жүриў шәрияты қыйын болған шәриятларда арқан ҳәм басқа туристлик қураллардан пайдаланыў ҳәм де техника қәўипсизлик қағыйдаларын қатаң түрде сақлаў, барлық саяхат қатнасыўшыларынан талап етиледи.

Дем алыў ўақтында ҳәр қыйлы сәўбетлер, ойынлар ҳәм спорт илажларының пайдалы болыўын шөлкемлестириў лазым. Жүриў ўақтында бир бирине жәрдем бериў, жүриў техникасын сақлаў, ҳәр қыйлы кеўилсиз жағдайлардың алдын алыўға себеп болады.

Батпақлық, таслақ, салма ҳәм дәрьялардан өтиўде аяқ кийимин шешиў қадаған етиледи.

Зәрүр болғанда (мектеп оқыўшылары ушын) жергиликли имканиятлардан яғный ат, ешек ҳәм басқа транспортлардан жүклерин суўдан ҳәм үлкен бийикликлерден алып өтиўде пайдаланыўы мүмкин.

# III. САЯХАТТА ТУРИСТЛИК ТУРМЫСТЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

## 3.1.Саяхатларды шөлкемлестириўде, өткериўде ҳәм жуўмақлаўда оқытыўшының роли

Мектеплерде туризм бойынша жумысларды шөлкемлестириўде, өткериўде ҳәм оны раўажландырыўда педагогика жәмәәти үлкен орын тутады.

Пән оқытыўшылары өз пәнлерин жақсы өтип ғана қалмастан, бәлким олардың сабақтан тысқары шуғылланыўлары (экскурсия, саяхатлар) өткериўлери, өтилген теориялық билимлерин әмелият пенен бириктериўге ҳәм өзлестириўне пайдалы тәсирин көрсетеди.

Оқыўшылардың туризм ҳәм үлкетаныў дөгереклерине тартыў, ҳәр қыйлы саяхатлар шөлкемлестириў ҳәм оларды өткериў мектеп оқытыўшылары (география, ботаника, тарийх, физика, дене тәрбия ҳәм басқалар) биргелигинде бириншилер қатарында белсендилик көрсетиўлери лазым болады.

Саяхатқа таярлық көриў ҳәм оны шөлкемлестириў ҳәм де оқытыўшыларда жақсы кейпиятлар менен өтиўин тәмийнлеў, саяхат шөлкемлестириўши оқытыўшы ҳәм басшының искерлигине байланыслы. Сонда ғана саяхат кеўилли өтеди ҳәм саяхатта жобаластырылған мақсетке ерисиў мүмкин.

Саяхатта оқытыўшыға төмендеги талап ҳәм ўазыйпалар қойылады ҳәм хуқықлар бериледи

1.Группаны шөлкемлестириў ҳәм саяхаттың табыслы өтиўи ушын толық жуўапкер болыў.

2. Таў туризм саяхатына басшылық қылыў ушын «альпенист» деген нышанға ийе ҳәм жоқары категориялы (1-4) саяхатларда қатнасқан ҳәм басшылық еткен жоқары категориялы адам болыўы.

3. Саяхат басшыларының хуқықлары:

- саяхат тәртибин бузғанларға шара көриў ҳәм группадан шығарыў.

- зәрүр болғанда маршрут жолларын өзгертиў,

-жағдай талап қылғанда өз группасын тәжирийбели инструктор яки қәниге тапсырыў,

4. Басшы төмендегилерди орынлаўы зәрүр:

- туристлерди ылайық дәрежеде саяхатқа таярлаў,

-саяхат маршрутлары, пайдалы ислер, орнын өзгертиў ҳәм әтирапты үйрениў бойынша реже менен тәмийнлеў,

- карта яки схема дүзиў, жолдағы қәўипсизликти тәмийнлеў,

- керекли үскенелерди әўелден таярлаў, жол қәрежетлерин, азық-аўқатты есаплаў ҳәм таярлаў,

- маршрут дәптершесин белгили жерлерге белгилеў,

- саяхат даўамында өтилген жерлер ҳаққында телефон яки радио арқалы МКК яки оның қәўипсизлик ҳәм кутқарыў пунктлерине хабар берип барыў,

- жарақатланғанларды тез тийисли орынларға жеткериў,

- бахытсыз ҳәдийсе жүз бергенде тезлик пенен хабар бериў,

- саяхат тамам болғаннан кейин тийисли жерлерге хабар бериў.

5. Саяхат басшысы күткен маршрут ҳәм қылынған ислер бойынша жазба мағлыўмат дүзеди.

Жоқарыдағы тийисли ўазыйпаларды, жоқары дәрежеде тек ең тәжирийбели туристлик басшы ҳәм оқытыўшы ғана орынлай алады.

Саяхат ақырында маршрут қағазы ҳәм альбом есапқа алынады.

Оқытыўшы, басшы саяхат өткен күнлерге арнап кешелер шөлкемлестириў, фотоальбом, фотомонтаж дийўалый газета таярлаў ҳәм ушырасыўлар өткериўи тийкарғы ўазыйпаларынан есапланады.

## 3.2.Саяхатта туристлик турмысты шөлкемлестириў

Саяхатшылардың маршрут даўамында шараяттан келип шығып, қолай болған жерлерде тоқтап дем алыўлары, аўқатланыўлары ҳәм түнеп қалыўлары мүмкин.

Адамлар жасайтуғын пунктлерде, мектеп, клубларда, түнеп қалғанларында жергиликли жер халқы менен байланыста болыўы ҳәм ол жердеги мәмлекетлик ҳәм де хожалық мүлклерин абайлап асыраўлары зәрүр.

Саяхатда дем алыў ҳәм түнеп қалыўда палатқа (шатыр) орнатыў, гулхан жағыў, нәўбетшилик қылыў, ҳәр бир саяхатшы ўазыпаларын белгилеў, тек топар басшысы көрсетпеси менен орынланыўы кеўилсиз жағдайлардың алдын алыўы ҳәм саяхатлардың мазмунлы болыўын тәмийнлейди.

Түнеп қалыўда палатка орнатыў, костер жағыў саяхатшылардың тийкарғы ўазыйпаларынан есапланады.

Костер жағыў усыллары ҳәр қыйлы, олар ишинде «Капо» (Чайла) усылы кең қолланылып, бунда шақалар үлкен кишкене көлемде (30-34 см) сындырылып әўеле кишкенелери жандырылады.

Костер жағыўдың «Қудық» усылы ағаш ҳәм шақаларды кишкене гүллер формасында (30-40 см) квадрат формасында аралықларын ашып, үстпе-үст қойылып жағылады, бул усылда от ортасында чай қайтаныўы мүмкин болып ғана қалмастан қапталларға жақсы жалын береди.

«Тайгалы» костер жағыў ушын жуўан ҳәм узын шақалар (2-3 см) болып, бунда үлкен жалын береди ҳәм үлкен топарға аўқат таярлаў, суў кийимлерин қурытыўға имкан береди.

«Нодья» усылында жағылған костерда жер азырақ қазылады, шуғанаққа әўеле шоқ салып жағылады, бундай костер тийкарынан тоғайда, жаўынгершилик көп болмаған жерлерде пайдаланылады.

Ҳәр қыйлы мәўсимлерде жамғар жаўыў, қатты самал болғанда костер жағыў орнын таңлаў үлкен әҳмийетке ийе.

Костер әтирапын қурғақ шөплерден тазалаў ҳәм костер әтирапына ҳәр жағдайға қарсы суў толтырылған шелек болыўы мақсетке муўапық болады.

Түнеп қалыўда, нәўбетшилер болыўы, костер жағыў, аўқат писириў, барлық үскенелерди өз орнына мақсетли пайдаланыўына жуўап береди ҳәм нәўбетшилер 1-2 сааттан алмастырылады.

Палатканың әтирапы таза болыўы ҳәм ҳәмме жерлерде гигиеналық талап тийкарында болыўына түнги комендант жуўап береди ҳәм бул барлық саяхатшылардың ўазыйпасы деп түсиндирилиўи керек.

Саяхатшылардың аўқатланыўы:

Саяхатшылардың мақсет ҳәм ўазыйпасы түрине, мүддетине ҳәм қатнасыўшылардың жасларына қарап ҳәр бир қатнасыўшыға сарпланатуғын азық-аўқатлар калориясы ҳәм олардың муғдары, саяхаттан алдын есапланып шығылыўы зәрүр болады.

Буның ушын төмендеги кестеден пайдаланыў туристлик саяхатларда керекли азық-аўқатлар менен мақсетли пайдаланыўға жәрдем береди.

**Үлкен саяхатларда бир күнлик азық-аўқат муғдары**

**(бир адамға грамм есабында)**

| N | Азық-аўқатлардың атамалары | Муғдары |
|---|---|---|
| | Нан (ақ ҳәм қара). Кептирилген нан (сухари) | 400-500<br>250-350 |
| | Гүриш, гречка, горох, вермишель, макарон ҳ.т.б. | 200-250 |
| | Сорпа ушын таярланатуғын өнимлер, қурғақ миўелер. | 40-50 |
| | Консерваланған гөшлер. | 100-130 |
| | Колбаса өнимлери | 50-80 |
| | Сары май (еритилген май) | 50-80 |
| | Сүт (кептирилген сүт) | 50-80 |
| | Сыр | 30-40 |
| | Қант (шекер), конфеталар | 130-150 |
| | Дуз, арнаўлы ишимликлер (чай, кофе, кисель, компот ҳ.т.б.). | 40-50 |

Бизиң шараятта бәҳәр ҳәм жазғы пайытларда сүт, қатық, сары май, гөш ҳәм түрли қыйлы миййелер жайлаўларда ушырасады. Сол себепли бул нәрселерди жолдан алыўды режелестириў мүмкин. Бунда қайсы маршрут пенен барыўды есапқа алыў керек болады.

Ҳәр бир азық аўқатта белгили дәрежеде калория болады, сол себепли туристлер көп калория бериўши ҳәм узақ аралықларға алып жүриўге қолай азық аўқатларды таярлаўлары зәрүр.

азық-аўқатлар ҳәм олардың калорияларын анықлаў ушын кестеден пайдаланылады.

## 3.3.Саяхатшылардың медициналық көриги ҳәм жарақатланғанда биринши медициналық жәрдем көрсетиў илажлары

Саяхатшыларды узақ аралықларға, әсиресе көп күнлик мүддетке белгиленген жағдайларда саяхат қатнасыўшыларын саяхаттан алдын медициналық көриктен өткериў ҳәм саяхат ушын рухсат алыўлары талап етиледи.

Узақ мүддетке белгиленген оқыўшыларды мектеп ямаса участка врачлары әўелден тексерип, медициналық карталарына тийисли пикирлерин тыянақлы жазып барыўлары лазым.

Саяхат ўақтында аязлаў ҳәм ҳәр қыйлы ўақтынша кеселликлердиң алдын алыў ҳәм тезлик пенен өз ўақтында жәрдем көрсетиў ушын ҳәр бир саяхатшы топарларында арнаўлы аптечкалар болыўы керек. Буннан тысқары туристлердиң физикалық таярлығына қарап жүк бериўи, бул саяхат басшысының бул ҳаққындағы теориялық ҳәм әмелий таярлығына жүдә байланыслы болып табылады.

Саяхат ўақтында оқыўшылардың (саяхатшылардың) кеселлениўи ҳәм ҳәр қыйлы жарақатланған жағдайында биринши медициналық жәрдем көрсетиў тәртиби ҳәм қағыйдаларын билиўлери, оны әмелий қолланыўлары ҳәр бир саяхат қатнасыўшыларынан талап етиледи.

Костер (гулхан), аўқат писириўде жарақатланғанда тезлик пенен кийимлерин шешиў суўға батырыў (қум менен үйкелеў) йод ямаса спирт басыў ҳәм жергиликли орын врачларына көрсетиў керек болады.

Жарақатланыў, сыныў ҳәм шығыў жағдайларында биринши медициналық жәрдем көрсетиў керек болады. суўық алдырыў ямаса қуяш нуры урмаслықтың алдын алыў ҳәм кери жағдайларда кеўилсиз ҳәдийселер пайда болғанда тезлик пенен белгиленген тәртипте жәрдем бериўди билиў керек.

Жылан шаққан ҳалларда тезлик пенен сол жерин сорып таслаў ҳәм жарақатланған орынды байлаў керек.

Суўға шөккен ямаса есинен кеткенлердиң тезлик пенен ишинен суўды шығарыў керек. Жасалма дем алыў формасы ҳәм усылларынан тез ҳәм анық пайдаланыў аўырыўды жеңиллестириўге алып келеди.

Есинен кеткен аўырыўды алып жүриў, оларды машина ямаса басқа транспортларға шығыў усыллары ҳәм абайлы болыў шараларын туристлер әлбетте билиўлери лазым.

### 3.4.Саяхатшылардың топографиялық таярлығы

Жер ҳәм оның дүзилисин қағазда жанлы сәўлелениўи топография делинеди. Сызылған картада жер ҳәм ондағы тийкарғы белгилер анық ҳәм қысқартылған ҳалда бериледи.

Туристлердиң топографик таярлығын әмелге асырылыўы ҳәм бул тараўда билими жетилискен туристлер болыўы ушын бул тараўдағы қәнигелер қатнасыўында әмелий ҳәм теориялық семинар шынығыўлар өткериў керек.

Буннан тысқары топография сызылмалар ушын керек болған (ақ қағаз, батман, альбом, сызықлы қағаз, реңли қәлемлер ҳ.т.б.) әспаб үскенелер жумыс ўақтында болыўы керек. Айырым жағдайларда, әсиресе схемаларда орынның бийиклиги ямаса пәслиги әпиўайы сызықлар менен де

сәўлеленеди. Гейбир жағдайларда картадан көшириўде фотосүўрет усылларынан пайдаланыў мүмкин, имканияты болса ксерокопия алыў керек.

Маршрутлар бойынша белгили болған жаңа тастыйықланған жаңа карталардан пайдаланыў ҳәм жөнелислерин үйрениў, саяхаттың сапалы ҳәм қызықлы өтиўин тәмийнлейди.

Туристлердиң топографик таярланыўы сапалы болыўы ушын әмелий шынығыўлар ўақтында сызылма, схема ҳәм карталар менен шуғылланыўларды жақсы жолға қойыў, бул тараўда туристлик билимин жетилистириўде пайдалы тәсирин көрсетеди.

**Жерлерди шамалап табыў усыллары**

Саяхат ўақтында белгиленген пунктте ямаса аралыққа барыў ушын түрли усыллар кең қолланылады. Компассыз карта арқалы шамалаў, жерлердиң сызығы ямаса шәртли белгилери арқалы шамалаўда жол, дәрья ямаса басқа объектлер белгиленип алынады. бундай жағдайларда қолдағы картаға тез-тез қараў ҳәм белгилерди салыстырып барыў керек.

Буның ушын сааттың көрсеткиши (стрелкасы) қуяшқа туўрыланады. Сааттың бир саны менен парқы анықланады. Бундай жағдайда саат жергиликли ўақытқа туўрыланыўы зәрүр. бул усыл менен жазғы шараятларда тәреплерди белгилеў онша қыйын болмайды ҳәм онда көби менен 20-25 С қа қәте қылыў мүмкин. Төмендегише:

Жулдызы бойынша шамалаў усылы. Кешки ўақытлары ҳаўа райы ашық болғанда аспандағы жулдызларды белгилеў жүдә аңсат. Жулдыз табылғанда тәреплерди анық белгилеў мүмкин, буннан тысқары айдың ҳәрекетин билиў ҳәм тәреплерди белгилеўге жәрдем береди.

Орынлардағы занглар арқалы шамалаў усылыда туристлер ушын қолай келеди. Әтирапты шамалап билип алғаннан соң, узақ ҳәм жақында көринген нәрселер ямаса аралықты анықлаў зәрүр болып қалады. Буның ушын ҳәр бир адам өзиниң адымын ҳәм оның кеңлигин шамалап билиў лазым. Бир ўақытлары бир жуп адымды 1,5

м менен белгилейди. Усыған тийкарланып белгили аралықты адымлар менен өлшеў ҳәм аралықты белгилеў мүмкин. Белгили болыўынша ҳаўа ашық ўақытта ҳәр бир дени саў адам арқайын километр менен шамалаўы мүмкин болады.

**Метеорологикалық бақлаў**

Туристлер өмиринде метеорологик өзгерислер айрықша орын тутады. Бизге мәлим болыўынша аспандағы бултқа қарап ҳаўа райының өзгериўин билиў, тарийхтан ата-бабаларымыз өмиринде алдынан болжаў қылып ҳаўа райының өзгериўин анықлаған.

Ҳаўа райында болатуғын өзгерислерди билиўдиң айырым белгилери:

- көбинесе, қуяштың шығыўы ҳәм батыўында аспан қызарады. Бундай ҳалларда ҳаўа райы өзгериўи мүмкин. Аспан көк ирең болғанда ҳаўа райы узақ мүддетке шекем өзгермеслигин билдиреди.

- жаз ўақтында аспан бултлы болып, самал пәсейеди, кешқурын салқын болыўдан дерек береди.

Ҳаўа райы жақсы болыўдың белгилери:

- қарлығашлар бәлент ушады,

- қумырысқалар жүдә тез ҳәрекет етеди,

-кешқурын бузаўбас ҳәм басқа қурт-қумырысқалар узақ ўақыт шырылдайды,

- пал ҳәррелер далаларға жүдә ерте ушып кетеди.

Ҳаўа райы бузылыўдың белгилери:

-жулдызлар қызғыш ямаса тынық, көкшил болып жарқылайды. Қарлығаш ҳәм басқа қуслар пәс ушады.Үйреклер, аққуўлар суўға көп сүңгийди.

- даўыслар тез еситиледи ҳәм ийислер тез тарқалады.

-телеграф, телефон бақанларындағы сымлар сыңғырлайды.

- гулхан ашық ҳәм тынық көринеди.

**Топографикалық бақлаў**

Топографик бақлаўдың eң қолай түри өткен маршрутты сүўретке алыў ямаса схемаға түсириў.

Аралық адымлап өлшеў жолы менен, жөнелис болса компас пенен анықланыўы бизге мәлим.

Егер археологик ямаса пайдалы қазылма байлық қыдырыў керек болса анық жоба дүзиў лазым. Бундай жағдайларда анық өлшеў әсбаплары (метр ҳ.т.б.) ислетиў керек болады. орынлардың сызылмасын сызыў ҳәм шәртли белгилерди көшириў туристлердиң топография тараўындағы билимлерин беккемлейди.

**Жер дүзилмесин үйрениў**

Геометрик бақлаўларды саяхатшылар жер дүзилисиндеги өзгерислерди үйренеди. бул төмендеги жоба тийкарында алып барылады:

- объекттиң аты,
- оның анық жөнелислери,
- теңиз бетинен узынлығы ҳәм бийиклиги,
- айырым бөлимлерин орап алған өсимликлер,
- территориялық халық хожалығы ушын әҳмийети.

**Гидрогеологиялық бақлаўлар**

Гидрогеологик бақлаўларда да толық үйренилмеген дәрья, көллер усынылады. Бул бақлаў усылында көп ямаса дәрьялардың басланыўының ағыў тезлиги, кеңлиги этирапындағы шараяттың, тәбияттың өзгерислерине қарап оның ҳәм өзгериўи, құрғақлықлардың дүзилиси, дәрья суўының ағыў қәсийетлери ҳаққында мағлыўматлар жыйылады.

Гидрогеолик бақлаўлар ушын 20-30 метр узынлықтағы жип, компас, сызғышлар, секундомер ҳ.т.б. әсбаплар керек болады.

**Ботаника ҳәм зоологиялық бақлаўлар**

Саяхат ўақтында өсимлик дүньясы түрлерин ямаса олардың жаңа түрлерин ислеў мақсетинде ботаник бақлаўлар алып барылады. бундай пайытларда тийисли өсимликлерден гербарий жасалады, олар түрлерге ажыратылған, атамалары анықланады.

Өсимликлерди тексериў алдынан жергиликли адамлар менен сәўбетлесиў, олардың дүзилиси ҳәм басқа қәсийетлерин анықлаў ҳәм оларды көриў ҳәм жайластырыў қағыйдаларын билиў талап етиледи.

Саяхат ўақтында зоологик бақлаўлар әсиресе насекомалардың түрлерин белгилеў ҳәм оларды жыйнаўдан ибарат. Буннан тысқары зыянлы ҳәм пайдалыларын ажыратылып үйрениледи. Насекомалар жыйналған орынлар ҳәм олардың түрлери арнаўлы дәптерге жазылып барылады.

**Фенологикалық бақлаўлар**

Фенологикалық бақлаўлар өсимлик ҳәм ҳайўанатлар өмириндеги өзгерислер нызамын, олардың мәўсим шараятына болған қатнасын үйретиўши бөлими есапланады.

Туризм элементлери бойынша спорт илажлары ҳәм жарыслар өткериў:

туристлер саяхатлар ҳәм походлар ўақтында ҳәр қыйлы спорт жарыслары, ҳар қыйлы көринистеги қуўнақ жарысларды өткериў шөлкемлестириледи.

Туристлик саяхатлар ҳәм походлар дәўиринде шөлкемлестирилетуғын волейбол, футбол, суўда жүзиў бойынша ҳәм кеўил ашыў жарыслары дүзилген жоба тийкарында әпиўайыластырылған қағыйда тийкарында өткериледи. Буннан

тысқары туризм элементлеринен ибарат ҳәр қыйлы жарыслар шөлкемлестириледи.

Жарыслар алдынан дүзилген «Нызам» тийкарында дәрья бойларында, жарлар, төбе ямаса онша бәлент болмаған таў зоналарында өткериледи.

Туристлик техникалық жарыслар қала, район ҳәм мектеплер арасында өткериледи. Жарыс ҳәм слетлар өткериў ушын шөлкемлестириў комиссия дүзиледи ҳәм төрешилер ҳәм қәўипсизлик ҳәм қутқарыў командалары дүзиледи.

Буннан тысқары жарыслар шамалаў элементлер менен өткериўи туризмниң тийкарғы жөнелислеринен есапланады.

Жарыс дәстүри төмендегилерден ибарат:

- улыўма поход, рапорт,
- жарыс ҳәм эстафеталар,
- шамалаў элементлери бойынша жарыслар,
- аўқат псириў ҳәм чай қайнатыў ҳ.т.б. жарыслар,
- мектеп ямаса команда өмирин көргизбе өтиўши выставка (фотоальбом, музей материаллары, дийўалый газета, техник қураллар ҳ.т.б.)
- көркем ҳәмўескерлик конкурсы,
- гулхан (костер) таярлаў ҳәм оны жағыў,
- жеңимпазларды сыйлықлаў.

Жарыслар дәўиринде медициналық хызмет ҳәм қутқарыўшы тәжирийбели инструктор туристлер хызмети шөлкемлестирилиўи шәрт.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен соңғы қысқа жыллар ишинде руўхый-ағартыўшылық тәрбияның тийкарғы қуралларынан бири болған туризмниң ҳәме түрлерин және де раўажландырыў ҳаққында Өзбекистан Республикасы Министрлер кабинетиниң 1999 жыл 27 майда қабыл етилген` Өзбекистанда дене тәрбиясы ҳәм спортты және де раўажландырыў туўрысында»ғы тарийхый қарары саяхат түрлерин және де раўажландырыўда әҳмийетли роль атқармақта.

Мектеп жасындағы оқыўшылардың физикалық жасындағы туристлик саяхат нормалары ҳәм мазмуны, үлкен жастағы адамлар туризминен ҳәр тәреплеме айырылып турады.

Оқыўшылар поход ҳәм экскурсияларда жанажан Ўатанымызды, өзлери жасап турған жерлердиң тәбиятын үйренип, олар менен танысып ғана қоймастан, бәлким олардың тарийхын үйрениў, саяхат ўақтында топлаған материалларды мектеп музейлери, пән кабинетлерин байытыўға имканият береди.

Саяхат ўақтында топланған ҳәр қыйлы материаллар оқыўшылардың тарийх, география, биология, әдебият, физика ҳәм басқа пәнлер бойынша оқыў материалларын пухта өзлестириўлерине үлкен жәрдем береди.

Ҳәзир Республикамыздағы ҳәме улыўма тәлим бериўши мектеплери, лицей-интернатлары, академик-лицей, колледжлары орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларында саяхат түрлериниң ҳәме түрлерине тартыў бойынша айрықша итибар берилмекте.

Оқыўшылардың туристлик саяхатларының ҳәме түрлеринде үлкетаныў жумысларын үйрениў ислерин алып барыў көзде

тутылады. Бул ислердиң мазмуны ҳәм көлеми саяхат өткерилетуғын ўәлаятлар, районлар ямаса жергиликли жерлердиң шараятына, алдыннан қойылған ўазыйпаларына байланыслы болады.

Сол себепли үлкетаныў ислериниң тийкарғы объекти ислеп шығарыў кәрханалары, ислеп шығарыў қураллары, ҳәмзирги заман ислеп шығарыў техникалары, таў, тоғайлар, түрли естеликлер ҳәм басқалар есапланады.

Оқыўшыларда үлкетаныў ислер дәўиринде таў қырларының географиялық тәбийий дүзилислерин жазыў, сызыў, тәбияттың, ҳайўанат ҳәм өсимлик дүньясын сәўлелендириўши көп жеке ислер алып барыўларын талап қылады.

Саяхатлар маршрутларын дурыс таңлаў оқыўшыларда келешекте саяхат етиўге қызығыўшылықларын және де арттырады. Сол себепли саяхатқа таярланыўда сол жерди жақсы үйрениў, яғный белгили әдебиятлар, илимий мақалалар, усы жердеги музей, тарийхый естеликлерди үйрениў үлкен әҳмийетке ийе.

Ислеп шығарыўдың барлық тармақларындағы мийнет алдыңғыларының ис усыллары, мийнеттеги жеңислериниң сырларын анықлаў, оқыўшыларда мийнет етиўге қызығыўшылығын ҳәм өз нәўбетинде адамларға болған ҳүрметин асырыўға алып келеди.

Оқыўшыларға саяхат ўақтында урыс қатнасыўшылары, мийнет ветеранлары ҳәм басқа тайпайдағы адамлар менен ушырасыўлар шөлкемлестириў үлкен әҳмийетке ийе.

Дөретиўшилик пайдалы ислер, яғный нәллер отырғызыў, гүллер егиў, мийўе териў ҳәм басқа журмысларда белсендилик пенен қатнасыў туристлердиң әдиўли ўазыйпаларынан есапланады.

Оқыўшыларда саяхат даўамында тийкарынан дем алыс ўақтында республикамыздың тарийхый естеликлери менен танысыў ушын

пияда, автобусларда, поездларда ҳәр қыйлы саяхатлар шөлкемлестириледи.

Оқыўшылар менен түрли саяхатлар шөлкемлестириў, үлкени үйрениў оларда пайдалы мийнет жумысларына қәлбин оятады.

Көп ғана мектелерде барлық спорт түрлери сыяқлы туризм бойынша ҳәм дөгереклер, секциялар шөлкемлестириледи.

Үлкени үйрениў, түрли коллекциялар топлаў бойынша арнаўлы кабинетлер шөлкемлестирилип, бул кабинетлер қасында дөгереклер шөлкемлестириледи.

Мектеплерде туризм бойынша дөгереклер шөлкемлестириў ушын, оқыўшылар менен туризм бойынша сәўбетлер өткериў, олар менен киши саяхатлар шөлкемлестириў, дийўалый газеталарда үгит-нәсият жумысларын жүргизиў, дөгерек қатнасыўшыларының санының көбейиўине алып келеди.

Саяхат өткериў ушын мектеп пән оқытыўшылары менен биргеликте алып барылады.

Мектеплерде, балалар бақшаларында дүзилген туризм секцияларының дәстүри ҳәм ис режелери ҳәр бир коллектив имканиятына қарап дүзиледи.

Туризм секциясында реже тийкарында өткерилетуғын шынығыўлар, ҳәр қыйлы шынығыўлар ҳәм туристлик саяхатлар ҳәўескер оқыўшы туристлердиң жумысларына туўры тәсир етеди.

Республика кәсиплик шөлкемлерине қараслы дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетлери, туристлик кәрханалар ҳәм бюролар тастыйықлаған туризм бойынша разряд нормаларын орынлаў ушын мектеплердеги туризм секциялары өзлериниң анық жобаларын ҳәм маршрутларын жыл басында анықлап алыўлары керек.

Айтып өткенимиздей, мектеплерде, балалар бақшаларында дүзилген туризм секцияларының дәстүри ҳәм ис режелери ҳәр бир коллектив имканиятына қарап дүзиледи.

Көп күнлик туристлик шығыўлар оқыўшылар организмин функционал жағдайын жақсылайды. Буннан тысқары көп күнлик сейил дене сыпатларын (күш, шаққанлық, ийилиўшеңлик ҳәм шыдамлылық) ты тәрбиялайды.

Шуғылланыўшылар саламатлығына жақсы тәсир қылып коймай бәлки еркти раўажландырады, шынықтырады, аўыр шәраятларда бар болған қыйыншылықларды жеңиўге үйретеди, турмыста зәрүр болған көнликпе ҳәм қәнигелерди ийелеўге жәрдем береди.

Оқыўшыларда дослық, бирадарлық, бир-бирине жәрдем бериў сезимлерин тәрбиялайды.

Көп күнлик туристлик сейиллер актив дем алыўдың тийкарғы қуралы болып ҳәрекет қылады, организмди табият қолайсыз шәраятларына қарсы турыўда шынықтырады, дем алыў ҳәм жүрек қан тамыр системасын, булшық ет системасын беккемлейди. Нерв системасын беккемлейди, аўқат сиңириў системасын нормалластырыўға имкан жаратады.

## ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1.Өзбекстан Республикасының «Дене тәрбиясы ҳәм спорт ҳаққында»ғы нызамы. Т. 2000 жыл

2.Каримов И.А. «Бизьдан оод ва обод Ватан қолсин» Т., 1994 йил

3. Каримов И.А. «Баркамол авлод орзуси», 1999 йил

4. Каримов И.А. «Юксак маънавият енгилмас куч» 2008 йил

5.Алипов Д.А. “Физиология человека” Фис.1985 г.

6.Маткулова Е.М., Соғлом - турмуш тарзида жисмоний тарбиянинг аҳамияти Т., Ибн Сино 1991 йил

7.Е.Ю. Дауренов., Р.К. Қудратов. «Туристик сайрларни ташкил қилиш». Т. 1995 йил

8.Р.А. Абдумаликов., Е.Ю. Дауренов. “Туризм”. Учебний программа. Т.1997 г.

9.Турдымуратов Ж.А. Б.Ж.Мамбетов, Н.Акимов, Қ.Жмуаниязов «Туризм ҳәм оны оқытыў методикасы» оқыў қолланба Нөкис 2003 жыл

**2013-жыл_____ «_______» дағы кафедра мәжилисиниң протокол**

**№____ қарары менен**

**Ж а қ л а ў ғ а   р у х с а т   б е р и л д и**

Педагогика факультетиниң деканы: доц. П.У.Серимбетов

Кафедра баслығы: т.и.к. Б.Ж.Мамбетов

Илимий басшы: доц. П.У.Серимбетов

Темасы: **Аўыллық мектеперде саяхат қылыўды шөлкемлестириў ҳәм өткериў усыллары**

**Мәмлекетлик аттестация комиссиясының қарары:**

Питириўши Жанназаров Қуантайдың жумысына «______» баҳасы қойылсын

**МАК баслығы:** **В.Ю. Пахомов**

**МАК ағзалары** **Ж.Мамбетов**

**П.У.Серимбетов**

**А.К.Утепбергенов**

**Ю.И.Кулаков**

**Б.Ж.Мамбетов**

«___»__________2013-жыл